

Amyant: Sa Ou Bezwen Konnen

Amyant se yon mineral natirèl ki fèt ak fib. Paske li reziste anpil kont chalè epi li dirab, souvan yo te konn itilize amyant nan pwodui pou reziste kont dife, izolasyon, materyo pou tèt kay, kareyaj planche ak plafon, ak fren ak klòtch machin. Menmsi yo pa itilize amyant anpil jounen jodi a, souvan li prezan nan pwodui ansyen yo. Ekspozisyon ak fib amyant pandan anpil tan ka mennen nan gwo maladi tankou kansè nan poumon, kansè nan tib dijestif, mezotelyòm (yon kansè nan manbràn poumon, kè oswa abdomèn), oswa amyantoz (sikatis pilmonè).



Ki moun ki arisk pou gen yon maladi ki gen rapò ak amyant?

Pandan tout moun ka ekspoze nan yon sèten nivo ak amyant, risk ou ogmante pou maladi ki anrapò ak amyant yo si ou te ekspoze ak amyant regilyèman pandan anpil lane, anjeneral nan travay. Moun k ap travay nan konstriksyon, izolasyon, ak bato kote yo te enstale, deranje oswa retire amyant san pwoteksyon apwopriye gen plis risk. Si ou ekspoze ak amyant pandan yon peryòd tan ki long EPI ou se yon moun ki fimen, ou gen plis chans pou devlope kèk maladi ki anrapò ak amyant. An jeneral, plis ou ekspoze ak amyant, se plis chans w ap gen pou devlope efè sante ki danjere.

Kijan moun pran kontak ak amyant?

Amyant, lè li entak, pa poze yon risk pou lasante. Sepandan, lè materyo ki gen amyant yo (ACM yo) andomaje oswa deranje, fib amyant yo ka libere nan lè a epi ou ka respire l.

Èske gen yon fason pou mwen konnen si mwen te pran kontak ak amyant?

Pa gen okenn tès medikal woutin pou verifye si yon moun te pran kontak ak amyant. Tès fonksyon ak radyografi pwatrin ak poumon ka montre poumon an andomaje apre li fin fòme. Maladi ki anrapò ak amyant yo ka pa devlope jiska 10 ak 40 lane aprè ou te fin ekspoze a. Anjeneral, lè yon moun pran kontak ak amyant, li pa gen yon pwoblèm sante tousuit, tankou difikilte pou respire oswa pwoblèm po.

Kijan m ap fè konnen si gen amyant lakay mwen?

Nou te diminye kantite amyant nou itilize anpil depi ane 1970 yo, men li toujou prezan nan ansyen pwodwi ak materyo. Yon enspektè anviwònman ki gen lisans ka teste materyèl ak lè a pou amyant. Tès yo ka ede idantifye kontak potansyèl epi evalye efikasite travay retire ak netwaye amyant kòm sadwa. Sonje, sepandan, materyo ki gen amyant (ACM yo) ki **pa andomaje** pa prezante yon risk epi ka rete anplas.

Plis Resous

- **Pwopriyetè bilding** yo dwe swiv règ sou fason pou pran swen materyo ki gen amyant yo kòm sadwa.
- **Lekòl** yo oblije idantifye epi jere materyèl ki gen amyant yo san danje.
- **Anplwayè** yo oblije pwoteje travayè yo kont amyant lè yo swiv règ Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay. Nan Eta New York, Biwo Lasante ak Sekirite Anplwaye Piblik (Public Employee Safety and Health) mande menm pwoteksyon pou travayè vil, konte ak travayè eta yo.

Pou pote plent pou yon pwoblèm oswa pou jwen plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale nan [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche "**asbestos**" (amyant).